

## Rezime Politik Sou Asistans Finansyè Nan Yon Langaj Ki Senp

Yale New Haven Health (YNHHS) bay asistans finansyè pou swen ijans ak/oswa swen ki nesèsè sou plan medikal pou pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans ki satisfè kritè ki vini annaprè yo:

Si w ap viv Ozetazini epi ou (a) pa gen asirans epi w pa kalifye pou okenn pwogram swen sante gouvènmantal (government health care program) oswa yon plan sante kalifye ki disponib atravè Lwa sou Swen Abòdab, oswa (b) pa gen ase asirans:

### Swen gratis

**Ou kapab kalifye pou yon rabè total (100%) sou montan lajan ou dwe a si:**

- Fanmi ou touche mwens pase oswa egal a 250% Nivo Povrete Federal la.

### Swen avèk rabè

**Ou kapab kalifye pou yon rabè pasyèl sou montan lajan ou dwe a si:**

- Fanmi ou touche mwens pase oswa egal a 550% Nivo Povrete Federal la.

### Endijans Medikal

Yo kapab akòde yon asistans finansyè tou, sou yon baz endividyèl, avèk pasyan ki pa satisfè kritè revni ki anwo yo, men ki gen fakti medikal yo ki depase kèk pousantaj nan revni oswa byen fanmi an.

## Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked Question, FAQ)

### Ki nivo revni maksimòm pou kalifye pou pwogram yo?

Pou jwenn detay sou nivo revni maksimòm chak pwogram, vizite [www.ynhhs.org/financialassistance](http://www.ynhhs.org/financialassistance).

### Èske gen lòt kalifikasyon pou asistans finansyè?

Pou w kalifye ou dwe kowopere pou w ranpli aplikasyon pou asistans finansyè a epi aplike pou Medicaid oswa nenpòt lòt pwogram pèman yon twazyèm pati ki kapab disponib.

### Kisa ki kouvri anba asistans finansyè a?

Pwogram asistans finansyè (financial assistance program) nou yo kouvri ijans ak lòt swen ki nesèsè sou plan medikal pou fakti Yale New Haven Health sèlman. Ou ka jwenn yon lyen k ap mennen w nan lis founisè swen sante ki kouvri yo nan [www.ynhhs.org/financialassistance](http://www.ynhhs.org/financialassistance).

### Kòman Mwen pral fè konnen si yo apwouve aplikasyon mwen an?

Nou pral reponn chak aplikasyon alekri. Si nou refize aplikasyon w lan, ou ka aplike ankò nenpòt ki lè. Plis fon pou kabann lopital disponib chak lane.

#### Bridgeport Hospital

267 Grant Street, Bridgeport, CT

#### Bridgeport Hospital – Milford Campus

300 Seaside Ave, Milford, CT

#### Greenwich Hospital

5 Perryridge Road, Greenwich, CT

#### Lawrence + Memorial Hospital

365 Montauk Avenue, New London, CT

#### Westerly Hospital

25 Wells Street, Westerly, RI

#### Yale New Haven Hospital

20 York Street, New Haven, CT

#### Yale New Haven Hospital – St. Raphael Campus

20 York Street, New Haven, CT

### Kòman pou Aplike epi Ki Kote pou Jwenn Kopi

Pou aplike, jwenn yon aplikasyon, ranpli enfòmasyon yo mande yo epi retounen aplikasyon an nan youn nan biwo asistans finansyè nou yo ki anba a.

Ou ka jwenn aksè a yon kopi Aplikasyon an, Politik Asistans Finansyè a ak Rezime Politik Asistans Finansyè sa a Nan Yon Langaj Senp gratis nan [www.ynhhs.org/financialassistance](http://www.ynhhs.org/financialassistance) oswa sou sitwèb nenpòt lopital YNHHS, atravè lapòs pandan w ap rele Sèvis Finansyè ak Admisyon Pasyan nan 855-547-4584, oswa an pèsòn nan zòn anrejistremant an, ki gen ladan Depatman Ijans (Emergency Department) nan tout etablisman lopital nou yo.

### Disponibilite Sèvis Tradiksyon

Pou kèk gwoup ki gen konpetans limite nan lang Anglè, tradiksyon Politik Asistans Finansyè nou an, Aplikasyon Asistans Finansyè a, ak Rezime Politik Asistans Finansyè sa a Nan Yon Langaj Senp disponib sou sitwèb [www.ynhhs.org/financialassistance](http://www.ynhhs.org/financialassistance) ak nan etablisman lopital ki endike anba la yo.

### Kimoun Mwen ka kontakte si Mwen gen lòt kesyon?

Pou plis enfòmasyon oswa èd pou ranpli yon aplikasyon, kontakte Sèvis Finansyè ak Admisyon Pasyan nan **855-547-4584**.

## Lòt Detay sou Pwogram nan Fon pou kabann lopital

Yon pasyan kapab kalifye pou resewa asistans finansyè fon pou kabann yo bay yon lopital Yale New Haven Health pou bay swen medikal avèk pasyan ki ka pa kapab peye swen lopital yo. Fon sa yo konstitye yon ti pòsyon nan finansman global pou asistans finansyè epi kalifikasyon an pran an konsiderasyon restriksyon donatè yo enpoze ak, kote sa aplikab, nominasyon kandida fon yo fè. Nou pral otomatikman konsidere tout pasyan ki ranpli yon aplikasyon pou asistans finansyè pou fon kabann lopital.

### Limitasyon Depans

Pasyan ki kalifye pou asistans finansyè p ap peye plis pase sa pasyan ki gen asirans yo ta peye pou swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè.

## Kòman pou Mwen aplike pou asistans finansyè?

Pou rann li pi asil pou aplike pou asistans finansyè, Yale New Haven Health itilize yon sèl aplikasyon pou pwogram asistans finansyè li a. Pou aplike, swiv etap ki anba yo.

### Etap 1: Ranpli aplikasyon an.

Tanpri reponn tout kesyon yo epi siyen epi mete dat la sou aplikasyon an. Si yon kesyon pa gen pou wè ak fanmi ou, tanpri ekri "N/A" (pa aplikab) nan espas yo bay la.

**Etap 2: Atache prèv revni** ou avèk aplikasyon w lan. Prèv revni se yon dokiman ki montre konbyen revni fanmi ou touche nan moman ou ranpli aplikasyon an. Gade tablo ki sou bò dwat la pou w ka wè ki tip dokiman ou kapab itilize.

### Etap 3: Voye aplikasyon an atravè lapòs oswa vizite nou an pèsòn.

- Tanpri enkli:
1. Aplikasyon ou ranpli, siyen, ak mete dat la sou li a
  2. Prèv revni

#### Atravè lapòs:

Yale New Haven Health  
SBO, Attn: Financial Assistance  
PO BOX 1403  
New Haven, CT 06505

#### Atravè faks: 203-688-1640

#### An pèsòn:

Vizite nou nan nenpòt nan etablisman lopital nou yo ki anba a:

#### **Bridgeport Hospital**

267 Grant Street, Bridgeport, CT

#### **Bridgeport Hospital – Milford Campus**

300 Seaside Ave, Milford, CT

#### **Greenwich Hospital**

5 Perryridge Road, Greenwich, CT

#### **Lawrence + Memorial Hospital**

365 Montauk Avenue, New London, CT

#### **Westerly Hospital**

25 Wells Street, Westerly, RI

#### **Yale New Haven Hospital**

20 York Street, New Haven, CT

#### **Yale New Haven Hospital – St. Raphael Campus**

20 York Street, New Haven, CT

**Pou jwenn plis enfòmasyon, jwenn yon kopi Politik Asistans Finansyè nou an gratis, oswa pou jwenn èd pou ranpli yon aplikasyon.**



#### Nan telefòn:

855-547-4584  
Lendi-Vandredi, soti  
7:30 a.m. pou rive  
5 p.m.



#### Anliy:

[www.ynhhs.org/financialassistance](http://www.ynhhs.org/financialassistance)

## Dokiman ki vini annaprè yo kapab itilize kòm prèv revni:

<b>Si revni fanmi ou soti nan ...</b>	<b>Ou kapab atache kopi dokiman sa yo kòm prèv revni:</b> (Dokiman sa yo pa dwe gen plis pase sis mwa, sof pou dènyè Deklarasyon Taks Federal ou, ki gendwa gen plis tan.)
<b>Salè</b> (Si ou touche yon salè oswa yo peye w chak èdtan pou yon travay)	<ul style="list-style-type: none"> <li>De (2) souch chèk ki pi resan yo, <b>OSWA</b></li> <li>Yon lèt anlwayè ou a bay sou papye antèt konpayi a ki endike kantite èdtan ou travay ak konbyen lajan ou touche pou chak èdtan (anvan taks)</li> </ul>
<b>Revni pou travayè endepandan</b> (Si w ap travay pou tèt ou)	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dènyè Deklarasyon Taks sou Revni Federal</li> </ul>
<b>Avantaj</b> (Sekirite Sosyal, Konpansasyon Veteran, Konpansasyon Travayè, Chomaj, Pansyon, Fon Retrèt, Revni Sekirite Siplemanè [Supplemental Security Income, SSI], Pansyon alimantè)	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dènyè lèt alokasyon avantaj, <b>OSWA</b></li> <li>Deklarasyon Avantaj, <b>OSWA</b></li> <li>Souch chèk</li> </ul>
<b>Revni sou Lokasyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kopi kontra lokasyon oswa akò alekri ki endike montan lwaye a, <b>OSWA</b></li> <li>Yon lèt ou ekri, ki endike montan lwaye ou resewa pou chak lane</li> </ul>
<b>Enterè, Dividann, oswa Pèman Anwite</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dènyè Deklarasyon Taks sou Revni Federal, <b>OSWA</b></li> <li>Deklarasyon enstitisyon finansyè a ki endike montan ak frekans pèman yo ansanm ak montan yo peye jiska dat sa nan lane a.</li> </ul>
<b>Si ou pa gen okenn revni</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon lèt moun kap sipòte w la ekri, <b>OSWA</b></li> <li>Si ou pa gen yon moun k ap sipòte w, voye yon lèt ki siyen epi ki gen dat ki eksplike aktyèl sityasyon finansyè ou</li> </ul>

## Aplikasyon pou Pwogram Asistans Finansyè yo

Yale New Haven Health itilize yon sèl aplikasyon pou pifò pwogram asistans finansyè li yo. Lè w ranpli aplikasyon sa a, nou pral konsidere w pou pwogram Swen Gratis, Swen a Pri Redwi ak fon pou kabann lopital nou yo. Pou enstriksyon sou fason pou w aplike pou asistans finansyè, tanpri ale gade paj 2 a. Si ou gen nenpòt kesyon sou aplikasyon sa a, rele nou nan **855-547-4584**.



### 1. Enfòmasyon sou Pasyan an:

Siyati	Prenon	Dat Nesans
Nimewo Kay ak Ri		Nimewo Telefòn
Vil	Eta	Kòd Postal
Nimewo Dosye Medikal (si disponib)		

### 2. Enfòmasyon sou Fanmi an: Ekri non konjwen ou ak/oswa nenpòt timoun ki sou kont ou k ap viv nan kay ou. Pa enkli patnè ki pa marye. Si ou bezwen plis espas, tanpri atache yon dokiman separe.

Non manm fanmi an	Relasyon ak moun k ap aplike a	Dat Nesans

### 3. Enfòmasyon Finansyè: Enkli enfòmasyon sou tout sous revni pou oumenm ak konjwen ou. Tanpri sonje atache prèv revni ou avèk aplikasyon w lan. Prèv revni se yon dokiman ki montre konbyen revni fanmi ou touche nan moman ou ranpli aplikasyon an. Gade tablo ki nan paj 2 a pou w ka wè ki tip dokiman ou kapab itilize kòm prèv revni.

Revni	Pasyan Antre Montan Sik: Chak semèn, Chak 2 semèn, Chak mw a	Konjwen Antre Montan Sik: Chak semèn, Chak 2 semèn, Chak mw a
Salè Brit/Revni (Anvan Taks)		
Sipò yon Lòt Moun		
Resewa Pansyon Alimantè/Revni Pansyon Alimantè		
Avantaj pou Andikap		
Avantaj pou pansyon		
Resewa Revni sou Lokasyon		
Revni Travay Endepandan oswa Eksplwatasyon Agrikòl		
Avantaj Sekirite Sosyal/SSI		
Fon Fidisyè/ Eritay		
Avantaj pou Chomaj		
Konpansasyon Travayè		
<b>REVNI TOTAL</b>		
<b>LÒT</b>		
Byen likid (byen ki ka chanje pou lajan akoutèm, san pèt valè. Egzanp, lajan kach, lò, oswa tit negosyab)		

**4. Asirans Sante:**

Èske w kouvri anba yon kontra asirans sante, ki gen ladan Medicare oswa Medicaid, oswa kouvèti nan yon lòt peyi?  WI  NON

Si **wi**, tanpri antre enfòmasyon sou asirans ou an anba a:

<b>Detantè Kontra Asirans lan:</b>	<b>Konpayi Asirans lan:</b>	<b>Nimewo Kontra Asirans lan:</b>
<b>Detantè Kontra Asirans lan:</b>	<b>Konpayi Asirans lan:</b>	<b>Nimewo Kontra Asirans lan:</b>

**4a** Èske anplwayè ou a esponsòrizè yon Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA) pou ede w peye depans medikal ou yo?  WI  NON

**5. Tanpri li ak anpil atansyon anvan ou siyen:**

Lè mwen siyen anba a, Mwen sètifye tout sa Mwen te deklare nan aplikasyon sa a ak nenpòt dokiman mwen atache ak li se verite.

- Mwen konprann nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk, ki pa konplè, oswa ki fo sou aplikasyon sa a ka rezon pou yo refize aplikasyon mwen an pou asistans finansyè.
- Mwen bay Yale New Haven Health pèmisyon pou verifye tout enfòmasyon.
- Mwen bay Yale New Haven Health pèmisyon pou mande rapò sou kredi mwen.
- Mwen dakò pou m remèt tout montan asistans finansyè yo ban mwen si Mwen resewva nenpòt tip pèman, enkli konpansasyon aprè yon pwosè, pou sèvis aplikasyon sa a kouvri.
- Mwen dakò pou mwen enfòme Yale New Haven Health sou nenpòt chanjman ki ta ka chanje kalifikasyon mwen pou asistans finansyè.
- Mwen konprann tout kalite divilgasyon sa yo ap fèt sèlman pou rezon pèman, jan sa defini nan Règ Konfidansyalite Lwa sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) a.

\_\_\_\_\_  
Siyati moun kap aplike a oswa responsab legal la

\_\_\_\_\_  
Dat (MM/JJ/AAAA)

\_\_\_\_\_  
Non moun k ap aplike a oswa responsab legal la an lèt detache

**Sonje enkli prè revni oswa yon lèt sipò avèk aplikasyon asistans finansyè ou a.**

**Voye aplikasyon ou fin ranpli yo atravè lapòs nan:**

**Yale New Haven Health**  
SBO, Attn: Financial Assistance  
PO BOX 1403,  
New Haven, CT 06505